

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan didasaran ku kurangna pangaweruh ngeunaan gaya basa babandingan. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun wanda jeung ma'na gaya basa babandingan nu aya dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia. Ieu panalungtikan gé bisa dijadikeun alternatif bahan ajar aprésiasi novél di SMP. Pikeun ngahontal tujuan, ieu panalungtikan maké métode déskriptif sarta pamarekan kualitatif. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipaluruh dina bab IV ngeunaan gaya basa babandingan dina novél *Jangji Asih* pikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP, bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dumasar hasil analisis tina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia, sakabéh gaya basa babandingan téh jumlahna aya 87 data anu kapaluruh.

Kadua, wanda gaya basa babandingan tina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia kabagi jadi opat bagian, nyaéta (1) gaya basa ngupamakeun (*simile*), (2) gaya basa lalandian (*métapora*), (3) gaya basa mijalma (*personifikasi*), jeung (4) gaya basa silib (*nyungkun/sarkasmeu*). Tina data anu geus kapaluruh, gaya basa ngupamakeun mangrupa gaya basa anu panglobana kapanggih dina ieu novél. Ieu hal ku sabab pangarang loba maké kecap panyambung anu jadi ciri pngabanding gaya basa ngupamakeun, nyaéta kecap *asa, cara, lir, kawas*, jeung *sig*. Salian maké kekecapan anu jadi ciri, gaya basa ngupamakeun gé aya anu henteu maké ciri kekecapan. Ku kituna gaya basa ngupamakeun bisa kaitung loba. Tuluy aya gaya basa babandingan séjénna, nyaéta 6 gaya basa mijalma, 2 gaya basa lalandian, jeung 1 gaya basa silib.

Katilu, data gaya basa nu aya dina novél *Jangji Asih* karya Aam gé miboga ma'na. Ma'na gaya basa babandingan anu kapanggih téh aya tilu rupa, nyaéta ma'na gaya basa babandingan mijalma, ma'na gaya basa babandingan mibarang, jeung ma'na gaya basa babandingan misato. Tina data anu dianalisis, ma'na gaya basa babandingan mijalma mangrupa ma'na gaya basa anu panglobana. Ieu hal

ku sabab pangarang remen ngabandingkeun kaayaan jeung pasipatan hiji hal atawa barang jeung kaayaan jalma. Ari ma'na gaya basa anu paling saeutik nyaéta ma'na gaya basa babandingan misato.

Kaopat, dina ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi novél, novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP kelas IX. Ieu hal lantaran saluyu jeung KIKD pangajaran basa Sunda kurikulum 2013 révisi 2017 sarta ambahan bahan pangajaran novél. Carita dina novél *Jangji Asih* gé babari dipikaharti ku siswa. Caritana anu henteu panjang teuing jeung jalan caritana anu nyaritakeun kahirupan rumaja jaman kiwari bakal dipikaresep nalika dibaca ku siswa. Nu penting, gaya basa babandinganna ogé gampang ditéangan hartina ku siswa.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia miboga gaya basa babandingan anu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP ku sabab nyumponan kana kriteria nangtukeun bahan pangajaran.

5.2 Implikasi

Data anu kapaluruh dina ieu panalungtikan miboga implikasi dina sawatara bidang. Kahiji dina widang paélman, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu ngeunaan stilistika hususna gaya basa. Kadua dina widang pamaréntahan, ieu panalungtikan bisa jadi tinimbangan pamaréntah sangkan matéri gaya basa bisa dijadikeun matéri pangajaran anu pokok, henteu saukur éksplisit dina matéri pangajaran nu sanés. Katilu dina widang atikan, hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran anu geus saluyu jeung KIKD.

5.3 Rékomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan gaya basa babandingan dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia pikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP, aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun. Kahiji pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih jembar pikeun nganalisis gaya basa séjénna. Ku sabab gaya basa téh kaitung loba jenis jeung bagianana. Kadua pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun jadi bahan

ajar pangajaran novél di SMP. Katilu pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan bisa dipaké dina kahirupan sapopoé pikeun ngamekarkeun gaya basa dina basa Sunda.